

Kòmansman*(Nou rasanble)***Granmèt la lan mitan moun ki mete tèt yo ansnam o non li (Mt 18 :20)**

Antre, pwosesyon ak chante
Pè a bo lotèl la (dyak la tou)
Siy kwa
Salitasyon
Rit penitansyèl, Kyrie Eleison
Chante Gloria (Viv Bondye))-

Priyè pou jou a

Kominote a ap rasanble. Lap prepare tèt li pou selebrasyon an. Wòl chante se fè linite.
Lè li bo lotèl la, pè a bo Kris la, Granmèt ak Gran Prèt asanble a,
Siy patizan Jezi Kri ki te tanpe ak kwa sou fron yo jou batèm yo. Kwa se siy vikwa Jezi sou lanmò.
Lan salitasyon a li ranfòse lespri renmen ak lapè nan koninote a epi li bay tèm santral lamès la
Kominote a konnen li se pechè, lap mande Bondye padon epi lap di konfyans li nan kè sansib Bondye.
Kominote a ap fè lwanj Bondye (Efèz 1:3) Paske se gran mèsi gras Kris la li sove.
(Lan tan Lavan ak Karèm, ki se tan penitans, nou pa chante Gloria.)
Kominote a ap fè yon lapriyè ki fèn sonje prezans Bondye Bon Kè n lan anba limiyè fèt kap fete jou sa a.

Litiji Lapawòl (ane A, B, C Leksyonè)*(Nap Koute)***Bondye vivan nan Legliz la ak nan Pawòl li yo**

Premye lekti
Sòm
Dezyèm lekti
Aklamasyon—Alelouya (pa chante nan tan Karèm)
Evanjil
Prèch-Omèli
Kredo-Sa nou kwè
Lapriyè inivèsèl (entèsesyon pèp Bondye a)

Granmèt la pale nan pawòl li yo (Ansyen Testaman sòf nan tan Pak)
(li ou chante pou reponn lekti a)
(Nouvo Testaman—Lèt yo, Liv Travay mesaj yo, Revelasyon)
Kominote ap resevwa granmèt la avèk lawfa e lap reflechi sou pwoklamasyon an
(Bondye ap pale avè n pa lantremiz Jezi - Kanpe : yon asanble ki resisite ak Kris la)
Prèt osnon dyak la ap mete pawòl lan nan limyè sa nap viv jodi an
Kominote reponn - pwofesyon lafwa/kwayans nou / raple angajman batèm (Nise)
Nap lapriyè kòm batize pou : legliz, dirijan, lemonn, sosyete nou, moun k ap souffri, moun nan legliz la.

Litiji Ekaristi a*(Nap Reponn)***Granmèt la vivan nan Legliz li a sou fòm pen ak diven (se sa nou rele sakreman)**

Preparasyon Ofrann
Pwosesyon ak kado yo (pen ak diven an)
Prezantasyon kado yo sou lotèl lan
Priyè prive pè a, lave men
Lapriyè sou kado yo - pen ak diven an

Kado yo ofri yo senbolize kominote kap bay tèt li, lajan pou pataje ak tout lòt frè/sè n e depans legliz la
siy linyon Kris la ak legliz la – Som 26:6 – jès pirifikasyon ak penitans
Kado yo se kado Bondye an menm tan tou yo se pwodwi travay moun *
Pè a lave men l tankou yon siy pou mande Bondye pwopte kè li.
Pè a mande pèp ki rasanble a lapriyè pou Bondye aksepte sakrifis yo pwal ofri l la.

Priyè Ekaristik-Lapriyè Sakrifis lan (Gwo Louanj pou Bondye)

Prefas dyalòg pè ak pèp Bondye a
Aklamasyon - Se ou ki Sen (Sanctus)
Konsekrasyon (epiklèz)
Pawòl Jezi te di yo (Fè sa pou nou sonje mwen)
Priyè ofrann (anamnesis)
Lespri Sen an gaye sou kominote a
Entèsesyon
Priyè final (doxology) – Amen

Priyè piblik solanèl pèmèt pèp la konprann li fè yon sèl kò ak pè ki sou lotèl la.
Se pou nou fè louanj Bondye ki Kreyatè latè ak Granmèt ki sove n.(Izayi 6:3)
Rele pouvwa Lespri Sen an
Kò l Kris lan te bay la ak san l li te vide pou nou an prezan nan sakrifis pen/diven.
Kris pran Legliz ansanm avè l lè lap ofri tèt li an sakrifis bay Papa a.
Pè a mande pou Lespri Sen an desann sou tout kominote a.
Lan sakrifis Kris ki sove nou an, Legliz la lapriyè pou tout moun sove : pap la, evèk yo, mò yo ak vivan
epi li fini ak yon lapriyè pou l di yon gwo mèsi ni pou Papa a, ni pou Pitit la, ni pou Lespri Sen an.
--Trinite an.

<i>Rit Lakominyon</i>	<i>Mange ak Bwè</i>
Papa Nou	Nan lapriyè Jezi li menm te montre n lan- Lapiryè sa mande 7 bagay: 3 Pou Reyn Bondye rive ; 4 pou lèzòm sove. (Mt 6 :9-13)
Lapriyè pou lapè (kè poze)	pou renouvle lespri renmen ak kè poze nan mitan pèp ki gen lafwa a.
Kase pen an ki se Mouton Bondye a	Kase pen an (1 Kor 10:17) pou nou patisipe lan kò Kris la.
Nap manje kò ak san Jezi Kri	Resevwa lakominyon Pou kò ak san Kris la mele ak kò ak san nou.
Meditasyon	Silans – entimite ak Kris la. (Lapriyè nan kè w san ou pa pale ak bouch ou)
Lapriyè apre lakominyon (dènye priyè yo)	mande pou kominyon an pote fwi nan lavi nou kounyè a epou tout tan, pou letènite.

Konklizyon

(Nap pwale)

Anons	Bagay enpòtan kap pase lan kominote legliz la
Dènye benediksyon	Pè a envoke benediksyon Papa a, Pitit la, ak Lespri Sen an
Ranvwa - Voye an misyon	Voye kominote ale sèvi lemonn chak jou nan vi yo. Yo te fòme yon kominote frè ak sè, kounye a yo pral nan sosyete a pou bay temwayaj lafwa yo nan fason yap mete tèt yo nan sèvis youn pou lòt.